

BAB III


MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar hal-hal anu patali jeung métode panalungtikan, nyaéta desain panalungtikan, data jeung sumber data, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan jeung téhnik ngolah data.

3.1 Desain Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan digunakeun pamarekan kualitatif kalayan métode déskriptif ku sabab data anu digunakeun dina ieu panalungtikan mangrupa data nyata bari teu merhatikeun itungan. Pamarekan kualitatif nyaéta hiji tarékah pikeun néangan ma'na, wangenan, konsép, karakteristik, gejala, simbol atawa déskripsi ngeunaan hiji *fenomena*, fokus, jeung multimode anu sipatna alami jeung holistik, ngautamakeun ngagunakeun sababaraha cara, sarta dipidangkeun sacara naratif, (Sadiq & Choiri, dina Waruwu, 2023, kc. 2898). Dina panalungtikan kualitatif digunakeun instrumén konci pikeun ngama'naan jeung ngaguar unggal *fenomena*, gejala, jeung situasi anu tinangtu. Métode déskriptif maluruh jeung matotoskeun pasualan aktual, ku cara ngumpulkeun data, nyieun papasing atawa bagbagan tina data anu dimeunangkeun, nganalisis data, sarta napsirkeun data (Arikunto, 2010, kc. 225).

Hal anu didéskripsikeun dina ieu panalungtikan nyaéta “Klausa Rélatif dina Novél *Béntang Hariring* Karya Dian Héndrayana”. Klausa rélatif dina ieu novél téh dianalisis dumasar kana wanda klausa rélatif, struktur klausa rélatif, jeung fungsi klausa rélatif. Dumasar kana pamarekan jeung métode anu dipaké, disusun desain panalungtikan anu ngawujud bagan atawa tahap panalungtikan saperti anu diguar dina bagan 3.1 ieu di handap.



Bagan 3.1 Desain Panalungtikan

3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Data dina ieu panalungtikan nyaéta kalimah-kalimah ngantét sélér-suméler anu aya dina novél *Béntang Hariring* Karya Dian Héndrayana. Tina éta kalimah dianalisis klausa rélatifna. Hal anu dianalisis téh di antarana wanda klausa rélatif, struktur klausa rélatif, jeung fungsi klausa réaltif anu aya dina novél *Béntang Hariring* karya Dian Héndrayana.

Sumber data utama dina ieu panalungtikan nyaéta novél. Novél anu dijadikeun objék dina ieu panalungtikan nyaéta novél *Béntang Hariring* Karya Dian Héndrayana. Ieu novél mimiti medal taun 2015. Mimitina medal di Rawayan. Tuluy citakan kadua jeung katiluna medal di Geger Sunten dina taun 2016 jeung 2018. Novél *Béntang Hariring* dibagi jadi 10 bagian carita, réana aya 68 kaca. Ieu buku kungsi dilélér Hadiah Samsodi taun 2016. Dian ogé kaasup pangarang Sunda anu kungsi meunang Hadiah Sastra Rancagé.

Alesan pangna panalungtik milih judul novél *Béntang Hariring* nyaéta (1) ieu buku kungsi meunang Hadiah Sastra Samsodi taun 2016 (2) basa anu digunakeun


basajan, jeung gampang dipikaharti; (3) miboga ajén moral jeung sosial; (4) ngawengku klausa rélatif anu bisa ditalungtik.

Épisode-episode dina novél *Béntang Hariring* bisa ditabélkeun ieu di handap.

Tabél 3.1
Épisode Novél *Béntang Hariring*

No.	Épisode	Kaca
1.	Wayahna, Nia	7 – 11
2.	Pancén ti Sakola	12 – 16
3.	Sapatu Bolong	17 – 22
4.	Résty Putra Bu Yanti	23 – 27
5.	Beresih Haté	28 – 33
6.	Inget ka Bapa	34 – 38
7.	Pasanggiri	39 – 45
8.	Piwuruk Pa Yana	46 – 53
9.	Nu ngusulkeun ka Pa Héndra sangkan Nia milu pasanggiri téh taya lian Wina jeung Salma	54 – 61
10.	Sang Béntang	62 – 68

Ieu di handap cover jeung idéntitas buku *Béntang Hariring* Karya Dian Héndrayana.



Idéntitas buku anu dijadikeun bahan panalungtikan:

Judul : *Béntang Hariring*

Pangarang : Dian Héndrayana

Pamedal : Rawayan (2015)

Geger Sunten (2016, 2018)

Dea Sondari, 2024

KLAUSA RÉLATIF DINA NOVÉL BÉNTANG HARIRING KARYA DIAN HÉNDRAYANA (Ulukan Struktur jeung Semantis)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Medal : Citakan kahiji - 2015

Citakan kadua - 2016

Citakan katilu - 2018

Jumlah kaca : 68

Sinopsis Novél:

Ieu buku téh nyaritakeun hiji budak anu ngaranna Kania Martiana atawa biasana disebut Nia. Nia téh boga adi nu ngaranna Iyan. Bapana Nia geus tilar dunya 4 bulan katukang, Nia masih sok inget ka bapana. Dina hiji poé babaturan Nia nyaéta Salma jeung Wina nyampeur ka imah Nia rék méré nyaho Nia yén isuk téh dipanggil ku Pa Héndra salaku wali kelas Nia. Dina ingetan Nia, Pa Héndra téh rék nagih duit SPP anu acan dibayar salila 3 bulan. Kaisukanna basa wanci istirahat Nia nepungan Pa Héndra bari degdegan bisi ditagih duit SPP, pék téh Pa Héndra nitah Nia miluan pasanggiri ngawih. Nia nyapukkan pikeun miluan pasanggiri ngawih.

Pas di kelas Nia ditanya ku Salma jeung ku Wina yén ku naon tadi dipanggil ku Pa Héndra ka rohangan guru. Nia méré nyaho yén manéhna ditawaran ngiluan pasanggiri ku Pa Héndra. Di kelas Résty téh ngadangu yén Nia rék ngilu pasanggiri, ngan Résty téh teu resep sabab manéhna sabenerna hayang ngiluan éta pasanggiri jadi manéhna bébéja ka indungna yén manéhna hayng ngiluan éta pasanggiri. Isukna pas latihan Nia, Salma jeung Wina reuwas nempo Résty jeung Bu Yanti nyaéta indungna Résty. Résty ogé hayang ngiluan latihan ngawih. Pas latihan, Nia meni sumanget hayang bisa béda jeng Résty anu cuék.

Poé pasanggiri tingkat kacamatan ahirna lumangsung. Pamilon gantian midangkeun kabisana. Résty midangkeun kawihna tapi kurang alus masih loba kénéh anu salahna, tuluy pas Nia midangkeun kawihna kabéh nu aya di éta aula jempling pada nempokeun Nia ngawih sabab sora Nia anu alus tur éndah. Ku kamampuhna Nia jadi pinunjul di acara tingkat kacamatan.

Satuluyna Nia bakal nyanghareupan pasanggiri tingkat kabupatén. Manéhna jadi leuwih getol latihan. Kamampuh sorana ogé ngaronjat. Waktu pasanggiri tingkat kabupatén anu danti-anti ahirna lumangsung. Salma, Wina, jeung Emah milu ka gedung aula kabupatén. Maranéhna abus ka jero aula terus diuk dina korsi anu geus disadiakeun. Nia mah aya di tempat husus pikeun pamilon. Pas Emah keur diuk dina korsi Iyan téh réwél waé tuluy Emah indit wé ka cai. Ai pas di jalan rék ka cai Emah papanggih jeung Pa Yana guru Nia jeung geuningan éta téh babaturan Emah pas keur SMA. Baréto maranéhna téh kungsi silih mikaresep. Di dinya Emah jeung Pa Yana ngobrol sakeudeung. Balik ti cai Emah langsung diuk dina korsi bari nyakséni Nia ngawih. Nia tampil alus pisan, terus Nia jadi pinunjul sakabupatén. Puguwé kabéh téh barungah. Tuluy balikna Pa Kepala Sakola ngajakan tuang bareng di rumah makan. Tuluy Pa Kepala Sekolah nepikeun yén Nia meunang béasiswa, jadi teu kudu mayar SPP jeung béasiswa nepi ka SMP.

3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data mangrupa léngkah anu stratégi pisan dina panalungtikan (Sugiyono, 2016, kc. 224). Dina ieu panalungtikan maké téhnik

Dea Sondari, 2024

KLAUSA RÉLATIF DINA NOVÉL BÉNTANG HARIRING KARYA DIAN HÉNDRAYANA (Ulukan Struktur jeung Semantis)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

bibliografis atawa ulikan pustaka, anu hartina panalungtik ngumpulkeun data klausa rélatif sacara langsung tina novél *Béntang Hariring* karya Dian Héndrayana. Ari léngkah-léngkah dina ngumpulkeun datana saperti ieu di handap.

- 1) Nangtukeun objék data anu mangrupa novél *Béntang Hariring* karya Dian Héndrayana.
- 2) Maca novél *Béntang Hariring* karya Dian Héndrayana.
- 3) Nyirian klausa rélatif anu aya dina novél *Béntang Hariring* karya Dian Héndrayana.
- 4) Nyalin klausa rélatif anu geus kapanggih dina novél *Béntang Hariring* kana kartu data digital.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data digital. Dina ieu panalungtikan panalungtik langsung milih jeung nangtukeun data panalungtikan, ieu hal saluyu jeung anu ditétélakeun ku Sugiyono (dina Kusnadi & Muthoharoh, 2016, kc. 94) yén panalungtikan kualitatif salaku *human instrumen*, fungsina pikeun netepkeun fokus panalungtikan, milih informan salaku sumber data, ngumpulkeun data, ngajén kualitas data, napsirkeun data jeung nyieun kacindekan tina timuan anu geus kapanggih. Ku kituna, dina ieu panalungtikan sabada data dikumpulkeun ngaliwatan studi pustaka jeung studi bibliografis tuluy éta data téh diolah jeung dianalisis. Panalungtik ngagunakeun kartu data digital sabab sangkan ngababarikeun prosés milah-milah jeung masing-masingkeun data téks anu kapanggih dina buku sumber panalungtikan. Carana nyaéta nuliskeun sakabéh klausa rélatif anu kapanggih kana kartu data digital, sarta unggal kartu dibéré nomer, judul novél, kaca, paragraf, jeung kalimah. Conto kartu data digital klausa rélatif saperti ieu di handap.

Tabél 3.2
Kartu Data Digital

Alfabét	Data Klausa Rélatif	Kode Data
		(Jd./Kc./P/Pd)

Data nu geus dianalisis tina kartu data digital, tuluy diwilah-wilah deui dumasar kana wanda klausa rélatif, struktur klausa rélatif, jeung fungsi klausa rélatif tur diasupkeun kana instrumén ngolah data. Sangkan leuwih jéntré, bisa ditiénan dina tabél ieu di handap.

Tabél 3.3
Kartu Data Digital Wanda Klausa Rélatif

No.	No. Data	Data Klausa Rélatif	Kode Data
1.	(01)		(Jd./Kc./P/Pd.)

Tabél 3.4
Kartu Data Digital Struktur Klausa Rélatif

No.	No. Data	Data Klausa Rélatif	Kode Data
1.	(01)		(Jd./Kc./P/Pd.)

Tabél 3.5
Kartu Data Digital Fungsi Klausa Rélatif

No.	No. Data	Data Klausa Rélatif	Kode Data
1.	(01)		(Jd./Kc./P/Pd.)

Keterangan:

Jd. : Judul novél

Kc.: Kaca

P : Pada dina novél

Pd. : Padalisan dina novél

3.5 Téhnik Ngolah Data

Dina panalungtikan téhnik anu bisa digunakeun téh ragam pisan. Borg jeung Gall (dina Soendari, T., 2012) ngébréhkeun yén panalungtikan kualitatif leuwih hésé tibatan panalungtikan kuantitatif, sabab data anu kakumpul sipatna subjéktif jeung instrumén salaku alat ngumpulkeun datana mangrupa panalungtik éta sorangan.

Dea Sondari, 2024

KLAUSA RÉLATIF DINA NOVÉL BÉNTANG HARIRING KARYA DIAN HÉNDRAYANA (Ulukan Struktur jeung Semantis)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Sabada data dianalisis jeung diasupkeun kana kartu data digital, aya sababaraha hal anu kudu dilakukeun nyaéta (1) nyieun papasingan (klasifikasi); (2) matalikeun (ngorélasikeun; jeung (3) ngukur (évaluation) (Sudaryat, 2014, kc.58). Leuwih jelasna bisa dijéntrékeun saperti kieu:

- 1) niténan deui klausa rélatif anu geus dikumpulkeun;
- 2) nyusun data klausa rélatif dumasar abjad atawa sacara alfabétis tina awal kalimah;
- 3) nganalisis data klausa rélatif dumasar wanda, struktur jeung fungsi;
- 4) ngadéskripsikeun klausa rélatif dumasar wanda, struktur, fungsi; jeung
- 5) nyieun tapsiran jeung kacindekan.